

BAB III

MÉTODE PANALUNGTIKAN

3.1 Desain jeung Sumber Data Panalungtikan

3.1.1 Desain Panalungtikan

Desain panalungtikan téh nyaéta sakabéh prosés nu diperlukeun dina rarancang panalungtikan jeung prak-prakan panalungtikan nepi ka pertanyaan-pertanyaan nu aya bisa kajawab.

Métode panalungtikan mangrupa salah sahiji cara pikeun ngahontal tujuan dina panalungtikan. Éta pamadegan luyu jeung pamadegan Arikunto, (2006:150), anu nétélakeun yén métode dina ieu panalungtikan dihartikeun minangka cara-cara nu bisa digunakeun pikeun ngumpulkeun data.

Dumasar kana watesan jeung tujuan nu hayang dihontal, ieu panalungtikan téh maké Métode Déskriptif. Alesan pangna maké Métode Déskriptif ieu panalungtikan téh bakal nganalisis sarta masing-masingkeun data. Data anu baris didéskripsikeun nyaéta kalimah anu nyoko kana opat rupa kalimah atawa omongan sacara pragmatis.

Métode déskriptif téh dipaké pikeun nétélakeun hasil panalungtikan, kalawan


léngkah-léngkah: (1) maca naskah drama *Budah Si Narko*, (2) nyirian kalimah sacara **Septiadi Angga Yuda, 2012**

Analisis Kalimah Pragmatis Dina Naskah Drama Budah Sinarko Karya Dadan Sutisna Pikeun Bahan Pangajaran Maca Di SMP

pragmatis, (3) nyalin kalimah sacara pragmatis, (4) ngolah data kalimah sacara pragmatis, (5) ngadéskripsikeun data, jeung (6) nyieun kacindekan. Katitén dina ieu bagan di handap.

Bagan 2

Desain Panalungtikan



Septiadi Angga Yuda, 2012

Analisis Kalimah Pragmatis Dina Naskah Drama Budah Sinarko Karya Dadan Sutisna Pikeun Bahan Pangajaran Maca Di SMP

3.1.2 Sumber Data Panalungtikan

Nu dimaksud sumber data panalungtikan dina ieu panalungtikan nyaéta ti mana asalna subjék data anu ditalungtik (Arikunto, 1998:114). Sumber data dina ieu panalungtikan nyaéta tina naskah drama *Budah Si Narko* karya Dadan Sutisna koléksi Teater Sunda Kiwari. Ieu naskah drama mangrupa salah sahiji karya Dadan Sutisna anu medal tur dipagelarkeun ku Teater Sunda Kiwari dina taun 2011. Ieu naskah kandelna 35 kaca, anu mibanda 298 paguneman/dialog.

3.2 Méthode Panalungtikan

Ieu panalungtikan maké méthode déskriptip analitis nyaéta méthode panalungtikan anu maksudna pikeun ngungkulan jeung ngaréngsékeun pasualan-pasualan aktual kalawan ngumpulkeun data, nyusun papasingan, nganalisis, sarta nafsirkeun data. (Arikunto, 1998:225).

Anu didéskrripsikeun nyaéta perkara adegan kalimah sacara pragmatis anu kapanggih dina naskah drama *Budah Si Narko* karya Dadan Sutisna.

3.3 Wangenan Operasional

Septiadi Angga Yuda, 2012

Analisis Kalimah Pragmatis Dina Naskah Drama Budah Sinarko Karya Dadan Sutisna Pikeun Bahan Pangajaran Maca Di SMP

Dina ieu panalungtikan baris didadarkeun ngeunaan wangenan operasional tina variabel, di antarana baé:

- a. Analisis nyaéta maluruh data nepi ka ngahasilkeun kacindekan. Prosédur atawa prosés nu ngéntépseureuh ngeunaan hiji kagiatan, métode, prosedur, atawa téhnik pikeun nangtukeun mangpaat éta kagiatan katut cara panghadéna pikeun meunangkeunana. (KBBI, 2008: 58).
- b. Kalimah pragmatis nyaéta laku basa atawa polah ucap (*tindak tutur*) ilokasi anu mangrupa paripolah ucapan/ungkara anu dipaké ku panyatur mangsa komunikasi lumangsung.
- c. Naskah drama nyaéta mangrupa wacana paguneman anu midangkeun carita atawa lalakon ku paguneman (dialog) diajangkeun pikeun diragakeun ku aktor dina pagelaran.
- d. Budah Si Narko nyaéta salah sahiji naskah drama basa Sunda karya Dadan Sutisna koléksi Téater Sunda Kiwari.
- e. Bahan pangajaran maca di SMP kelas IX nyaéta maca wacana dialog(paguneman)/naskah drama.

3.4 Instrumen Panalungtikan

“Instrument penelitian adalah alat yang digunakan oleh peneliti dalam menggunakan suatu metode (Arikunto, 1998: 137)”

Septiadi Angga Yuda, 2012

Analisis Kalimah Pragmatis Dina Naskah Drama Budah Sinarko Karya Dadan Sutisna Pikeun Bahan Pangajaran Maca Di SMP

Instrumén dipaké sangkan panalungtikan jadi leuwih babari jeung museur, dina harti leuwih imeut, lengkep jeung ngéntépseureuh nepi ka babari diolahna. Sangkan leuwih gampang nganalisisna, instrumén nu dipaké nyaéta mangrupa kartu data. Dina unggal omongan nu ngandung kalimah sacara pragmatis dina naskah drama *Budah Si Narko* karya Dadan Sutisna disalin kana kartu data. Kartu data dieusian ku cutatan data (kartu) diébréhkeun kode sumber data, kaca, babak, dialog. Sangkan leuwih anteb contona saperti kieu:

Tabel 3.1 : Kartu Data

KARTU DATA	
Kaca:	3
Babak :	1
Dialog :	P2 : Biasa, tawuran !. (<i>Nunjuk ka barudak</i>) Sok dariuk !
Kalimah :	<u>Sok dariuk !</u>
Wanda kalimah :	Komisif
Wujud Pragmatis :	Nitah

3.5 Téhnik Panalungtikan

Téhnik nu dipaké dina ieu panalungtikan nyaéta téhnik studi dokuméntasi, jeung téhnik analisis téks. Téhnik dokuméntasi dipaké pikeun nyungsi informasi dina néangan jeung ngumpulkeun data nu mangrupa catetan, transkrip, buku, majalah,

Septiadi Angga Yuda, 2012

Analisis Kalimah Pragmatis Dina Naskah Drama *Budah Sinarko* Karya Dadan Sutisna Pikeun Bahan Pangajaran Maca Di SMP

naskah drama, jrrd. Téknik analisis téks dipaké pikeun nyungsi informasi dina néangan jeung ngumpulkeun data kalimah sacara pragmatis.

Téhnik analisis téks dilaksanakeun alatan sumber datana mangrupa data tinulis, tujuanana pikeun ngolah hal-hal anu patali jeung déskripsi kalimah sacara pragmatis.

3.5.1 Padika Ngumpulkeun Data

Pikeun ngumpulkeun data dipaké téhnik studi dokuméntasi. Téhnik studi dokuméntasi dipaké pikeun nyungsi informasi dina néangan jeung ngumpulkeun data.. Aya sababaraha tahapan ngumpukeun data nyaéta:

- a. Nangtukeun sumber data anu mangrupa basa Sunda ragam tinulis nyaéta naskah drama *Budah Si Narko* karya Dadan Sutisna.
- b. Maca naskah drama *Budah Si Narko* karya Dadan Sutisna.
- c. Nyirian kalimah opat rupa kalimah sacara pragmatis nu aya dina éta naskah drama.
- d. Nyalin kalimah sacara pragmatis nu geus dicirian kana kartu data.
- e. Nyusun kartu data dumasar alfabétis.
- f. Nyalin kalimah sacara pragmatis tina kartu data.
- g. Nyieun papasingan kalimah sacara pragmatis dumasar kana pamadegan.
- h. Ngitung jumlah kalimah sacara pragmatis.

3.5.2 Padika Ngolah Data

Septiadi Angga Yuda, 2012

Analisis Kalimah Pragmatis Dina Naskah Drama *Budah Sinarko* Karya Dadan Sutisna Pikeun Bahan Pangajaran Maca Di SMP

Dina ngolah data, dipaké téhnik analisis téks. Ari tahapan ngolah data ngaliwatan tahap-tahap ieyu di handap:

- a. Mariksa deui sakabéh data kalimah sacara pragmatis anu geus disusun sacara alfabétis.
- b. Nganalisis kalimah pragmatis nurutkeun wanda jeung wujud pragmatisna saperti: (a) kalimah komisif anu ngawengku wujud pragmatis : ngawawarkeun, nitah, ngajak, meredih, ngahulag, jeung ngantebkeun, (b) kalimah impositif anu ngawengku wujud pragmatis : nitah, ménta, ngadesek, miharep, nyarék, ngajak, ngageuri, ngajurung, jeung ngawawadian, (c) kalimah éksprésif anu ngawengku wujud pragmatis : nyarékan, ngawilujengkeun, cumeluk, kagét, tumamprak, karumasaan/ngaku, bungah, kanyeri, mupuas, geuleuh, jeung keuheul, jeung (d) kalimah asértif anu ngawengku wujud pragmatis : (a) kalimah analitis, (b) kalimah kontradiktif, jeung (c) kalimah sintétis.
- c. Ngadéskripsikeun data kalimah pragmatis nu geus dianalisis.
- d. Nyieun kacindekan.